

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthodologi Panalungtikan


Panalungtikan ngeunaan kritik sosial dina naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal mangrupa panalungtikan kualitatif, anu ngagunakeun métode déskriptif analitik. Panalungtikan kualitatif mere perhatian data ilmiah, dina hubunganna jeung kontéks kaayaan, nu ngalibetkeun pangarang, lingkungan sosial pangarang, kaasup unsur kabudayaan (Ratna, 2013, kc. 47). Panalungtikankualitatif téh nyaéta panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham jeung nyangkem naon-naon nu kaalaman dina panalungtikan, ku cara ngadéskripsikeun ku kecap-kecap jeung basa, tina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun metodé alamiah.

Patali jeung pamarekan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis. Ratna (2013, kc. 53) nétélakeun yén métode deskriptif analisis nya éta métode anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanna pikeun nyangking unsur-unsurna, nu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis. Jadi, saméméh ngalaksanakeun tahap analisis, panalungtik diperedih pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina objék nu rék dianalisis.

Ku kituna, métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur carita jeung kritik sosial nu aya dina naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal.

3.2 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.123) desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salasahiji léngkah nu paling utama (*stratégi*) dina hiji panalungtikan. Éta hal miboga tujuan pikeun meunangkeun data. Upama téhnik ngumpulkeun data teu jelas, panalungtikan moal bisa meunangkeun data nu standar jeung nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2011, kc. 224).

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Ieu téhnik mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik digunakeun nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data jeung néangan sumber data séjén anu patali jeung ieu panalungtikan

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) ngolah data mangrupa proses anu ngagunakeun rumus atawa aturan anu saluyu jeung pamarekan panalungtikan atawa désain panalungtikan. Téhnik anu dipaké nyaéta téhnik analisis. Dina ieu panalungtikan, hal anu dianalisis nyaéta struktur anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita sarta kritik sosial dina naskah “Tamuh Agung”.

Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data panalungtikan, nyaéta

- 1) maca jeung maham kana naskah drama “Tamuh Agung” karya Hawwa Thiffal;
- 2) nganalisis struktur carita jeung struktur formal dina naskah drama “Tamuh Agung” karya Hawwa Thiffal;
- 3) nganalisis kritik sosial dina naskah “Tamuh Agung” karya Hawwa Thiffal;
- 4) nyieun kacindekan tina analisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun jeung nyusun klasifikasi data dumasar kana masalah. Data mangrupa bahan anu kacida pentingna pikeun panalungtikan. Ku kituna instrumén panalungtikan ogé mangrupa alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc. 262). Instrumén panalungtikan dipaké sangkan nganalisis data bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih akurat. Ieu instrumén digunakeun make kartu data. Kartu data digunakeun pikeun nganalisis struktur drama jeung kritik sosial nu aya dina naskah drama “Tamuh Agung”. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Conto Kartu Data Analisis Struktur Carita

Nomer	:
Cutatan	:
Analisis	: (tokoh, peran jeung karakter, motif, konflik, peristiwa, alur, latar, ruang, téma jeung amanat)

Gambar 3.1 Conto Kartu Data Analisis Struktur Carita

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Sabada kakumpulkeun, tuluy data diolah pikeun ngajawab masalah nu ditalungtik. Data nu geus kakumpul diolah saperti ieu di handap.

Dina ieu tahap dipedar analisis kritik sosial sastra. Aya sawatara hal nu baris di analisis nyaéta ngeunaan ajén ajén sosial nu nyampak dina naskah drama *Tamu Agung*

Diantarana Analisis ajén sosial pangarang, nu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta idéologi pangarang jeung status sosial.

Analisis ajén sosial karya, nu dipedar dina ieu bagéan nya éta unsur carita, nya éta Tokoh, Peran jeung Karakter; Motif, Konflik, Peristiwa jeung Alur; Latar jeung Ruang; Tema jeung Amanat. Lian ti éta, ngabahas unsur naskah drama nurutkeun Jacob Soemardjo jeung Saini KM., nyaéta Prolog, Dialog, Solilokui, Aside, Babak, Adegan, jeung Epilog.

Kartu Data Analisis Struktur Formal

Nomer	:
Cutatan	:
Analisis	: (prolog, dialog, solilokui, aside, babak, adegan, jeung epilog)

Gambar 3.2 Kartu Data Analisis Struktur Formal

Kartu Data Analisis Kritik Sosial

Nomer	:
Cutatan	:
Analisis	: (kritik sosial nu nyampak dina naskah drama)

Gambar 3.3 Kartu Data Analisis Kritik Sosial

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Lofland (dina Moleong, 2007, kc. 157), sumber utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi, boh buku, boh jurnal nu ngeunaan sosiologi sastra.

Sumber data primer dina ieu panalungtikna nyaéta naskah drama “Tamuh Agung” karya Hawwa Thiffal. Lian ti éta, ieu panalungtikan dideudeulan ku buku-buku séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan

3.5.1 Data

Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita, struktur formal jeung kritik sosial dina naskah drama “Tamuh Agung”. Struktur carita ngawengku téma fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita (puseur panitén, gaya basa, suasana, simbol, imaji, jeung judul).

3.5.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data nu aya dina naskah drama *Tamuh Agung* karya Hawwa Thiffal. Ieu naskah drama teu sacara resmi medal atawa dibukukeun. Naskah drama *Tamuh Agung* mangrupa karya panulis Hawwa Thiffal atawa leuwih dikenal Dado Tisna. Dina ieu naskah nyaritakeun ngeunaan kaayaan sosial masarakat di Desa Cibentur. Ditulis taun 2010 ku Dado Tisna pikeun jadi refleksi sosial dijamin kiwari. Ieu naskah kaasup lila sabab dijieun taun 2010, sagédéngéun éta naskah *Tamuh Agung* mindeng pisan dipagelarkeun ku komunitas-komunitas téater di sabudeureun Bandung. Salasahijina kungsi dipaké pikeun lomba téater di Bandung taun 2013.

Sumber data nu dimaksud dina ieu panalungtikan té nyaéta naskah drama *Tamuh Agung* karya Hawwa Thiffal.

1) Idéntitas Naskah Drama “Tamuh Agung”

Ieu naskah mangrupa karya panulis Hawwa Thiffal atawa leuwih dikenal Dado Tisna. Dina ieu naskah nyaritakeun ngeunaan kaayaan sosial masarakat di Desa Cibentur. Ditulis taun 2010 ku Dado Tisna pikeun jadi refleksi sosial dijamin kiwari.

Gambaran sosial nu aya di ieu naskah teu bisa mungkir jadi kritk sosial dijamin kiwari, nu antukna bisa mangaruhan kamandang sosial masarakat kahareupna.

Nyaritakeun kaayaan di hiji désa mangsa rék kedatangan Tamuh Agung nu teu lian tehnologi 4.0. Réa kamandang jeung tanggapan ti warga masarakat pikeun mapag ieu tamu agung. Nu jadi masalah nyaéta nalika pasuliwerna iber ngeunaan saha ari tamu agung nu teu kabéh warga nyaho. Jadi masalah sabab ayana fitnah

jeung mangaruhan kahirupan warga jadi loba kasieun. Warga nyangka “Tamuh Agung” nyaéta Imam Mahdi nu bisa ngalantarankeun daatangna kiamat. Warga kaweur nyiapkeun pikeun mapag “Tamuh Agung” nu dimaksud.

Sagédéngéun éta réa ogé masalah sosial nu nyampak dina ieu naskah, samisal masalah ékonomi, pangangguran, aya ogé nu anyar teu boga pakasaban alatan kawijakan parusahaan ngurangan pagawéna.

Jadi ieu naskah pikeun pangéling ogé pikeun kahirupan urang di masarakat sabab loba amanat nu kacangking dijerona.

Dina ieu naskah aya sawatara tokoh nu béda béda watekna, utamana nu miboga pasipatan teu jauh jeung waték masarakat ilaharna. Kapedar aya 25 tokoh inti jeung tambahan. Galur dina ieu naskah sagemblengna make galur maju.

Séting jeung tempat mangrupa di hiji désa nu can kacabak ku kamekaran tehnologi.

2) Pangarang



Hawwa Thiffal atawa Dado Tisna lahir di Sumedang 30 Maret 1990 salaku bungsu ti tilu sadulur. Dado landianna teu boga teureuh séni komo sastra ti kolotna. Dado mimiti resep ka teater nalika kelas tilu SMA, mimitina Dado miluan pasantrén kilat di sakolana. Pikeun nyumponan kagiatan Dado dititah maén drama ngeunaan kaagamaan ti dinya Dado mimiti resep kana kasenian drama.

Dado mimiti nulis mangsa asup kuliah di ISBI, karya anu munggaran ditulis ku Dado nyaéta “Do’a sang Alam” nu nyaritakeun angkeubna alam alatan geus teu kuat narima kalakuan jalma. Saprak ti dinya Dado mimiti produktif nulis, mimitina ti nulis naskah drama, naskah monolog, nepi ka nulis sajak.

Dado réa meunang layang pangajén pikeun karya karyana. Prestasi Dado diantaranya, sutradara pinunjul di Festival Drama Musikal 2013 jeung 2016, sutradara pinunjul pasanggiri monolog basa Sunda UNPAD 2019, nominasi

sutradara pinunjul FDBS teater Sunda kiwari 2017, jeung nominasi sutradara pinunjul festival drama musical teater Bell. Salian ti jadi panulis naskah drama Dado ogé salaku palatih di teater SMAN 1 Rancaékék.